

Figi

De je.
De zòrèy.
Yon nen.
Yon bouch.

Mete tout ansanm li ban n...


... yon figi...

Figi w.
Figi m.
figi nenpòt moun.
Figi tout moun.
Eske yo parèy?

Tout figi gen:
yon bouch,
yon nen,
de zòrèy,
ak...

De je.
Je pou wè.
Se fenèt figi n.

Je mawon,
je vèt,
je gri,
je ble,



je nwa.

De je pou gade ak wè.

Kisa yo wè?

Tout sa ou gade.

ou ka wè yon fize ki pral nan lalin.

Ou ka wè yon zarennyen k ap desann yon branch zèb.

Gwo bagay.

Ti bagay.

Tout bagay.

Ki ka enterese w.

Menm si ou gade yo yon lòt jan!

Tèt anba...

Ou ka wè anpil bagay.

Si ou kenbe je w ouvri.

Si ou fatigue gade,

bese rido sou fenèt yo.

Fèmen je w.

...Kounye a je w fèmen.

ou pa ka wè.

Tak tak

Tak tak

Kisa sa ye?

Lapli!

Tak tak.

Sa pa fè anyen si je w fèmen?

Non.

M si.

Se lapli.

Ou tande l avèk zòrèy ou.

Zòrèy se pou tande.

Ou gen youn chak bò tèt ou.

Se yon bon plas pou ka tande tout son.

Koute.

Gen son toupatou.

Ti bwi dous...

yon moun k ap pale lan zòrèy.

yon myèl k ap vole.

Ti koulèv k ap sekwe ke yo nan zèb sèk la.

E bwi ki fò...

yon sèpantye k ap fouye pyebwa.

Men k ap bat bravo.

yon chante.

yon powèm.

Bwi ki fò anpil...
machin ponpye

WOU ...

WOU.....

WOU....

Zòrèy ka tande tou sa.
Si y ap koute.
Men si ou pa vle tande okenn son.
Sa pou w fè?
Bouche zòrèy ou yo.

Si je w fèmen,
zòrèy ou yo bouche,
Ou pa ka wè
e ou pa ka tande
men....

Santi... santi.
Kisa sa ye?
Ki odè sa a?
Èske se bwa k ap boule?
Èske se gato k ap kwit?
Eske se sant zèb ki fenk koupe?
Osnon...

ilan

ilan.

Sak i fe w konn sa...

Se nen w.

Tout ode monte lan twou nen w.
E yo voye siyal ba ou.

Respire.
Odè yo monte.
Bon sant ak movèz odè.
Sa ki santi bon pou ou
ka santi move pou yon lòt moun.
(sa depann sa ou renmen.)

Sa w fè si ou pa renmen odè a?
Bouche nen w
jistan odè a ale.

Kounye a...
 ouvri bouch ou,
 fèmen je w.
 Mòde sa m ba ou la a.
 W ap konnen toutsuit
 si se yon konkom
 osnon krè m.

Kisa ki pral di w kisa li ye

Goute li.
Se bouch ou ka ba ou sa.

Tout ti boul ki sou lang ou an pèmèt ou pran tout suit gou
sa ou met lan bouch ou an.

Y ap di w si li son bon sipriz.

Si w renmen l,
manje l.
Si w pa renmen l,
jete l.
Fèmen bouch ou.

Men yon bouch gen lòt travay li fè tou pase manje.

Ak yon bouch
ou ka ri
ou ka bo
ou ka sifle
e ou ka
soufle lan yon tronpèt.

Gen yon lòt bagay bouch ou ka fè.
Yon bagay enpòtan anpil.

Pale
Di mo.
Di jan ou santi w.

Pale ak yon zanmi,

fas a fas. Je nan je.

T&D: (Faces by Barbara Brenner)